

Koupon

Pwogram Koupon Chwa Lojman

Depatman Lojman Etazini ak Devlopman Iben

OMB No. 2577-0169
(Dat Eksp. 30/04/2026)

Biwo Lojman Piblik ak Lojman Endyen

Deklarasyon Fado OMB: Fado rapò piblik pou koleksyon enfòmasyon sa a estime a jiska 0,05 èdtan, san bliye tan pou revize enstriksyon yo, fè rechèch nan sous done ki egziste yo, kolekte epi kenbe done ki nesesè yo, epi konplete ak revize koleksyon enfòmasyon yo. Koleksyon enfòmasyon sa a nesesè pou patisipasyon nan pwogram kupon chwa lojman an. Yo pa bay asirans konfidansyalite yo nan kad koleksyon sa a. Voye kòmantè konsènan estimasyon fado sa a oswa lòt aspè koleksyon enfòmasyon sa a, ki enkli sijesyon pou redui fado sa a, a Biwo Piblik Lojman ak Lojman Endyen, Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini, Washington, DC 20410. HUD ka pa fè ak esponsòrizasyon, epi yon moun pa oblije reponn, yon koleksyon enfòmasyon si koleksyon an pa montre yon nimewo kontwòl valid.

Deklarasyon Lwa sou Konfidansyalite. Depatman Lojman ak Devlopman ak Devlopman Iben (HUD) otorize pou kolekte enfòmasyon sou fòm sa a pa 24 CFR §982.302. Enfòmasyon yo itilize pou otorize yon fanmi chèche yon apatman elijib epi yo presize gwosè apatman an. Epitou enfòmasyon yo fikse obligasyon fanmi an nan kad Pwogram Koupon Chwa Lojman an. Done Enfòmasyon Pèsonèlman Idantifyab (PII) ki kolekte nan fòm sa a pa estoke oswa rekipere nan yon sistèm anrejistremant.

Tanpri tout dokiman an ou ranpli fòm nan Ranpli espas vid yo anba a. Tape oswa ekri an lèt detache klèman.		NimewoKoupon an
1. Mete apatman an ak kantite chanm a kouche. (Sa se kantite chanm a kouche fanmi an kalifye pou li a, epi li itilize nan detèmine montan èd yo dwe peye pwopriyete a nan non fanmi an.)		1. Gwosè Apatman an
2. Dat yo Emèt Koupon an (mm/dd/yyyy) mete vrè dat yo emèt kupon an pou Fanmi an.		2. Dat Emisyon (jj/mm/aaaa)
3. Dat Ekspirasyon kupon an (jj/mm/aaaa) dwe omwen swasant jou apre dat yo emèt Koupon an. (Gade Seksyon 6 fòm sa a.)		3. Dat Ekspirasyon (jj/mm/aaaa)
4. Dat Ekspirasyon Pwolongasyon (si aplikab)(jj/mm/aaaa) (Gade Seksyon 6. fòm sa a)		4. Dat Ekspirasyon Pwolongasyon an (jj/mm/aaaa)
5. Non ReprezantanFanmi an	6. Siyati Reprezantan Fanmi an	Dat li Siyen (jj/mm/aaaa)
7. Non Ajans Lojman Piblik la (PHA)		
8. Non ak Tit Ofisyè PHA a	9. Siyati OfisyèPHA a	Dat li Siyen (jj/mm/aaaa)

1. Pwogram Koupon Chwa Lojman

- A. Ajans lojman piblik la (PHA) te detèmine kefanmi fanmi ki mansyone anwo a (pwen 5) elijib pou patisipe nan pwogram kupon chwa lojman an. Nan kad pwogram sa a, fanmi an chwazi viv nan yon apatman ki desan, an sekirite, ak pwòp. Si pwopriyetè a dakò lwe fanmi an apatman an nan kad pwogram kupon chwa lojman an, epi si PHA apwouve apatman an, PHA pral antre nan yon kontra peman èd lojman (HAP) avèk pwopriyetè a pou peye pwopriyetè a pa mwa pou ede fanmi an peye lwaye a.
- B. PHA detèmine montan peman èd lojman pa mwa pwopriyetè a dwe resevwa. An jeneral, peman èd lojman pa mwa PHA fè a se diferans ant estanda peman aplikab la ak 30 pousan revni famiyal ajiste a. Nan detèmine peman èd lojman lojman inisyaly maksimòm pou fanmi an, PHA pral itilize estanda peman ki an aplikasyon an nan dat PHA apwouve lokasyon an. Fanmi an ka chwazi lwe yo apatman pou plis pase estanda peman an, men cha sa a pa chanje montan peman èd PHA a. Montan reyèl peman èd PHA a pral detèmine nan itilize lwaye brit pou apatman fanmi an chwazi an.

2. Koupon

- A. Lè PHA emèt kupon sa a, li atann li si fanmi an jwen yon apatman ki apwouve, PHA ap gen lajan disponib pou antre nan yon kontra avèk pwopriyetè a. Sepandan, PHA pa gen okenn obligasyon pou anvè fanmi an, anvè pwopriyetè, anvè okenn lòt moun, pou apwouve yon lokasyon. PHA pa gen okenn responsblite anvè pèsonn lè l emèt kupon sa a.
- B. Koupon an pa bay fanmi an dwa pou patisipe nan pwogram kupon chwa lojman PHA. Fanmi an vin patisipan nan pwogram kupon chwa lojman PHA a lè kontra HAP ant PHA ak pwopriyetè a antre an aplikasyon.
- C. Pandan dire inisyaly oswa dire pwolonje kupon sa a, PHA mande fanmi an rapòte pwogrè nan afèmaj yon apatman nan entèval ak tan ki detèmine pa PHA.

3. Apwobasyon oswa Dezapwobasyon Apatman oswa Afèmaj la

- A. Lè fanmi an jwenn yon apatman ki adapte kote pwopriyetè a vle patisipe nan pwogram nan, fanmi an dwe bay PHA demann pou apwobasyon lokasyon an (fòm PHA bay la), siyen pa pwopriyetè a ak fanmi an, epi yon kopi afèmaj la, ki gen ladan adendòm HUD preskri a. **Remak: Yo dwe bay PHA toude dokiman yo pa pita dat ekspirasyon ki mansyone nan pwen 3 oswa 4 anlè paj en kupon sa a.**
- B. Fanmi an dwe soumèt dokiman sa yo fason PHA egzije a. Politik PHA a ka entèdi fanmi an soumèt plis pase yon demann pou apwobasyon lokasyon alafwa.
- C. Afèmaj la dwe enkli, mo pou mo, tout dispozisyon adendòm lokasyon PHA bay e ke HUD egzije a. Sa fèt nan ajoute adendòm lokasyon HUD a nan afèmaj pwopriyetè a itilize a. Si gen yon diferans ant nenpòt dispozisyon adendòm lokasyon HUD ak nenpòt dispozisyon afèmaj pwopriyetè a, dispozisyon adendòm lokasyon HUD a dwe domine.
- D. Apre l fin resevwa demann pou apwobasyon lokasyon an ak yon kopi afèmaj la, PHA ap enspekte apatman an. PHA ka pa bay apwobasyon pou fanmi an afèmaj apatman an oswa egzekite kontra HAP a jiskaske PHA detèmine ke tout egzijans pwogram ki annapre yo satisfè: apatman an elijib; apatman an enspekte pa PHA epi li reponn a estanda kalite lojman yo (HQS); lwaye a rezonab; epi mèt kay la ak lokatè te egzekite afèmaj ki enkli nan adendòm lokasyon HUD preskri a.
- E. Si PHA apwouve apatman an, PHA pral notifiye fanmi an ak lokatè a, epi l ap bay pwopriyetè a de kopi kontra HAP a.
 1. Pwopriyetè a ak fanmi an dwe egzekite afèmaj la.
 2. Pwopriyetè a dwe siyen toude kopi kontra HAP a epi li dwe bay PHA yon kopi afèmaj ki egzekite ak toude kopi kontra HAP ki egzekite a.
 3. PHA pral egzekite kontra HAP a epi retounen yon kopi egzekite bay pwopriyetè a.
- F. Si PHA detèmine ke apatman an oswa afèmaj la pa ka apwouve pou okenn rezon, PHA pral fè pwopriyetè ak fanmi an konnen ke:
 1. Apatman an oswa afèmaj ki pwopoze a pa apwouve pou rezon espesifik, epi
 2. Si kondisyon ki mande dezapwobasyon yo korije nan fatifikasyon PHA nan dat PHA presize a oswa anvan, apatman an oswa afèmaj la ap apwouve.

4. Obligasyon Fanmi an

- A. Lè apatman famiyal apwouve epi kontra HAP egzekite, fanmi an dwe suiv règ ki enimerè anba yo pou kontinye patisipe nan pwogram kupon chwa lojman an.
- B. Fanmi andwe:
 1. Bay tout enfòmasyon PHA oswa HUD estime nesèsè ki enkli prèv sitwayènte oswa estati imigrasyon elijib, epi enfòmasyon pou itilize nan yon reegzaminasyon ki regilyèman pwograme oswa reegzaminasyon revni ak konpozisyon fanmi an.

2. Divilge ak verifiye nimewo sekirite sosyal yo epi siyen ak soumèt fòm konsantman yo pou jwennenfòmasyon.
 3. Bay tout enfòmasyon PHA mande pou verifiye ke fanmi an ap viv nan apatman an oswa enfòmasyon ki gen rapò ak absans fanmi an nan apatman an.
 4. Enfòm PHA alekri lè fanmi an pa nan apatman an pou yon peryòd tan pwolonje annakò avèk politik PHA yo.
 5. Pèmèt PHA enspekte apatman an nan moman rezonab epi apre avi rezonab.
 6. Enfòm PHA ak pwopriyete alekri anvan li demenaje oswa mete fen nanafèmaj la
 7. Itilize apatman ki gen èd la pa fanmi an, Apatman an dwe sèl rezidans fanmi an.
 8. Enfòm PHA imedyatman alekri sou nesans, adopsyon, oswa gad tribinal akòde pou yontimoun.
 9. Mande apwobasyon PHA alekri pou ajoute yon lòt manm fanmi kòm okipan apatman an.
 10. Enfòm PHA imedyatman si yon fanmi pa abite nan apatman an ankò. By PHA yon kopi avi degèpisman pwopriyete a.
 11. Peye bil sèvis piblik yo epi fè antretyen tout aparèy elektwomènaje ke pwopriyete a pa oblije fè dapre afèmaj la.
- C. Tout enfòmasyon fanmi an bay dwe vrè epi konplè.
- D. Fanmi an (ki enkli chak manm fanmi) padwe:
1. Posede oswa gen okenn enterè nan apatman (ki pa nan yon kowoperativ, oswa pwopriyete yon kay prefabrike ki lwe espas yo kay prefabrike).
 2. Komèt vyolasyon grav oswa repete afèmaj la.
 3. Komèt fwod, lajan anba tab, oswa nenpòt lòt zak kòripsyon oswa nan kad yon pwogram nan.
 4. Angaje nan aktivite kriminel ki gen rapò ak dwòg oswa aktivite kriminel vyolan oswa lòt aktivite kriminel ki menase sante, sekirite, oswa dwa a juisans pezig lòt rezidan ak moun ki rezide nan vwazinaj imedyal lokal yo.
 5. Soulwe oswa sede apatman an oswa transfere apatman an.
 6. Resevwa èd lojman pwogram kupon chwa lojman pandan l ap resevwa yon lòt sibvansyon lojman, pou menm apatman an oswa yon apatman diferan nan kad lòt pwogram èd lojman federal, etatik oswa lokal.
 7. Andomaje apatman an oswa lokal yo (ki pa domaj itilizasyon ak epuizman nòm) oswa pèmèt yon vizite andomaje apatman an oswa lokal yo.
 8. Resevwa èd lojman pwogram kupon chwa lojman an pandan li rezide nan yon apatman ki pou yon paran, pitit, gran paran, pitit pitit, sè oswa frè yon manm fanmi an, sof si PHA te detèmine (epi li te enfòm fanmi an sou detèminasyon an) ke apwouve apatman an, malgre relasyon sa a, ta bay aranjman rezonab pou yon manm fanmi ki se yon moun andikape.
 9. Angaje nan abi alkòl yon fason ki menase sante, sekirite, oswa dwa a juisans pezig lòt rezidans yo ak moun ki rezide nan vwazinaj imedyal lokal yo.

5. Diskriminasyon Ilegal

Si fanmi an gen rezon pou kwè, pandan l t ap chèche lojman ki adapte, li te viktim diskriminasyon sou baz laj, ras, koulè, relijyon, sèks (ki enkli oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl), andikap, orijin nasyonal, oswa estati famiyal, fanmi an ka depoze yon plent pou diskriminasyon nan zafè lojman nan Biwo Lokal HUD a an pèsòn, pa lapòs oswa pa telefòn. PHA ap bay fanmi an enfòmasyon sou fason pou ranpli ak depoze yon plent.

6. Ekspirasyon ak PwolonjmanKoupon

Koupon an ap ekspire nan dat ki mansyone nan pwen 3 anlè paj en kupon an sof si fanmi an mande yon pwolongasyon alekri epi PHA akòde yon pwolongasyon kupon an alekri. Nan ka sa a, kupon an ap ekspire nan dat ki mansyone nan pwen 4 la. Nan diskresyon li, PHA ka reponn a demann yon fanmi pou youn oswa plis pwolongasyon dire inisyal la.

Si fanmi an bezwen epi mande yon pwolongasyon dire kupon inisyal la kòm yon aranjman rezonab, annakò avèk pati 8 dokiman sa a, pou rann pwogram nan aksesib pou yon manm fanmi ki se yon moun andikape, PHA dwe pwolonje dire kupon an jiska dire ki rezonabman nesè pou objektif sa a.